



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LIDÈ ENDISTRI YO AP PATISIPE NAN MISYON KOMÈSYAL KI PRAL FÈT CUBA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lidè yo nan sektè biznis ak edikasyon siperyè pral rejwenn misyon komèsyal New York nan Cuba – premye misyon Gouvènè yon eta te kondwi nan Cuba depi Prezidan Obama te kòmanse pwosesis pou nòmalize relasyon diplomatik yo ant Etazini ak Cuba. Delegasyon misyon komèsyal la pral kite nan dat 20 avril 2015.

“Reprezantan yo nan delegasyon New York la pral ede asire ke konpayi yo nan Empire State alavangad kòm pòt yo ap ouvè nan yon mache ki te fèmen pou konpayi Etazini yo pandan mwaye yon syèk.” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lidè yo nan endistri a pral sèvi kòm anbasadè pou tout sa Eta New York gen pou ofri e li pral ede fòme fondasyon an pou yon relasyon ekonomik ki pi fò ant New York ak Cuba kòm restriksyon legal yo sou komès ap asoupli nan lavni.”

Anplis de lidè endistri yo ki anba, Prezidan Asanble Carl Heastie, Lidè Majorite Sena Stewart-Cousins ak Lidè Konferans Demokratik Endepandan Sena ak Ko-lidè Kowalisyon Jeffrey Klein ap rejwenn delegasyon an.

Komisyone , Prezidan ak PDG Empire State Development, te deklare, “Eta New York pral dirije yon seri misyon devlopman ekonomik ki pral ranfòse relasyon komèsyal ki egziste deja epi kreye nouvo. Misyon komèsyal sa yo pral ogmante vizibilite pou Eta New York epi ede biznis New York yo elaji enprent mondyal yo.”

Misyon komèsyal Gouvènè a gen ladan reprezantan yo ki soti nan yon varyete endistri, enkli vwayaj ayerien, swen sante, byo-teknoloji, famasi, sèvis finansye, agrikilti ak edikasyon siperyè. Antite yo ki te spesyalman antre nan misyon komèsyal la se:

Air Travel – JetBlue ak Plattsburgh International Airport

Katye jeneral li nan Vil Long Island avèk plis pase 6,000 djòb ki baze nan New York, **JetBlue** se konpayi ayeryen ki grandi nan New York™, e li se yon transpòyè prensipal nan Boston, Fort Lauderdale-Hollywood, Los Angeles (Long Beach), Orlando, ak San Juan. JetBlue pote plis pase 32 milyon kliyan pa ane nan 87 vil nan Etazini, Karayib, ak Amerik Latin avèk yon mwayèn 875 vòl chak jou. JetBlue ap reprezante nan misyon

komèsyal la pa Robin Hayes, PDG; ak James G. Hnat, Vis Prezidan Egzekitif e Avoka Jeneral Afè Gouvènman.

Plattsburgh International Airport se yon sant transpòtasyon rejyonal enpòtan nan pati nò New York. Ayewopò a reprezante pa Garry Douglas, Prezidan ak PDG Chanm Komès Plattsburgh-North Country. Mesye. Douglas te travay tou kòm ko-prezidan nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country.

Sèvis Finansye– MasterCard

MasterCard se yon konpayi teknoloji nan sektè peman mondyal la kap jere yon rezo tretman peman, ki konekte kliyan, enstitisyon finansye, komèsan, gouvènman ak biznis nan plis pase 210 peyi ak teritwa. Syèj sosyal MasterCard New York nan acha, e konpayi an gen apeprè 1,500 anplwaye ki baze nan New York. Yo pral reprezante pa Walt M. Macnee, Vis Prezidan, MasterCard.

Health/Biotech/Pharma – NY Genome Center, Pfizer, Regeneron ak Roswell Park Cancer Institute

NY Genome Center se yon òganizasyon endepandan non-pwofi ki alavangad nan transfòmè rechèch byo-medikal ak swen klinik avèk misyon pou sove lavi. Kòm yon konsòsyòm akademik renome, endistri lidè ak medikal yo toupatou nan mond lan, NYGC santre sou tradui rechèch jenomik an solisyon klinik pou maladi grav. Sant la pral reprezante nan misyon komèsyal la pa Dr. Robert Darnell, PDG; ak Carol Ashe, Chèf Ofisye Biznis.

Pfizer, youn nan premye konpayi inovè byo-famasetik, anplwaye plis pase 4,600 moun nan Eta New York. Katie Jeneral Pfizer baze nan Manhattan, e konpayi an gen tou yon rechèch vaksen ak biyolojik, sit nan Konte Rockland, NY. Pfizer pral reprezante nan misyon komèsyal la pa ofisye medikal anchèf li a ak Vis Prezidan Egzekitif Freda Lewis-Hall, M.D.

Regeneron se yon konpayi byo-famasetik prensipal ki baze sou syans, ki nan Tarrytown, avèk apeprè 2,500 anplwaye ki dekouvri, envante, devlope, fè ak vann medikaman pou tretman pwoblèm medikal ki grav. Regeneron pral reprezante nan misyon komèsyal la pa PDG Dr. Leonard Schleifer.

Misyon **Roswell Park Cancer Institute** se pou konprann, evite ak trete kansè. Yo te kreye RPCI nan ane 1898. Li te youn nan premye sant kansè nan peyi a ki te pote non sant kansè jeneral ki deziyen National Cancer Institute, epi li rete sèl sant ki gen deziyasyon sa a nan pati nò New York. Enstiti a pral reprezante nan misyon komèsyal la pa PDG Dr. Candace Johnson, ansanm avèk Prezidan Iminoloji Dr. Kelvin Lee.

Technology – Infor

Infor Spesyalize nan aplikasyon lojisyèl antrepriz pou yon varyete endistri, enkli swen

sante, avèk katye jeneral nan Manhattan ak apeprè 12,700 anplwaye total. Infor pral reprezante nan misyon komèsyal la pa Charles Phillips, PDG; ak Steve Fanning, Vis Prezidan Endistri Strateji Swen Sante.

Agriculture – Cayuga Milk Ingredients ak Chobani

Cayuga Milk Ingredients te kòmanse nan lane 2012 kòm yon konpayi letye ki apateni a agrikiltè ki lokalize nan rejyon Finger Lakes. Fòm apati vizyon yon ti gwoup kiltivatè, CMI ofri pwodui ki fèt lokal, bon jan kalite pwodui, ak engredyen letye spesyalize. Yon konpayi fèm fanmi posede gen ladan plizyè jenerasyon fèm, kèk nan fèm sa yo remonte a 150 ane. Konpayi an gen katye jeneral li nan Auburn e li pral reprezante pa PDG Kevin Ellis.

Chobani te fonde nan pati nò New York nan 2005 pa Hamdi Ulukaya, ki te lanse Chobani Greek Yogurt nan 2007. Mwens pase sis ane pita, li te vini No.1-nan lavant mak Greek Yogurt nan Etazini avèk plis pase yon milya dola nan lavant anyèl – fè Chobani vini youn nan konpayi kap grandi pi vit nan istwa. Konpayi an gen katye jeneral li nan Norwich e li gen apeprè 6,000 anplwaye nan eta. PDG Mesye. Ulukaya pral reprezante nan misyon komèsyal la.

Higher Education – Sistèm Inivèsite Eta New York (SUNY), pi gran sistèm Inivèsite konplè nan Etazini, te ede transfòm Eta New York an yon lidè mondyal nan edikasyon siperyè. SUNY edike plis pase 7,500 pwograam akademik nan 64 kanpis toupatou nan Eta New York. Chanselye SUNY Dr. Nancy L. Zimpher ak Dr. Jose F. Buscaglia-Salgado, Direktè Etid Karayib, Amerik Latin ak Etid Latin pou University nan Buffalo, pral rerezante SUNY.

Misyon komèsyal sa fè pati nan Global NY, yon inisyativ Gouvènè Cuomo te lanse nan 2014. Misyon komèsyal Global NY nan Cuba pral premye nan plizyè destinasyon misyon komèsyal, enkli Canada, China, Israel ak Mexico. Avèk biwo nan New York, Canada, China, Israel, Mexico, South Africa, ak United Kingdom, Global NY gen espesyalis sou plas toupatou nan mond lan kap kreye nouvo opòtinite biznis pou Eta New York. Anplis, Gouvènè a pa twò lontan de sa te prezante www.global.ny.gov, yon acha yonsèl-arè pou komès ak envestisman ak yon Fon Devlopman \$35 milyon Global NY sa ki pral sipòte byento prè ak sibvansyon pou ede ti konpayi biznis ak konpayi gwosè mwayen New York yo ekspòte aletranje.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418